# ЖАС ӘЎЛАДТЫ ҲАҚГӨЙЛИК ҲӘМ ТУЎРЫ СӨЗЛИЛИККЕ ТӘРБИЯЛАЎ

***Абдимуратова Н.П.***
*Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** ота-она, тарбиячи, жамоат, педагогика, психо¬логия, шахс, ҳақгўйлик,тартиб-интизом, одоб-ахлоқ.

**Ключевые слова:** родители, воспитатель, общество, педагогика, психология, личность, правдивость, дисциплина, нравственность.

**Key words:** parents, educator, society, pedagogy, psychology, personality, truthfulness, discipline, morality.

Жас әўлад тәлим ҳәм әдеп пенен саламат инсан болыў имканиятына ериседи. Тәлим алыў арқалы илимий камалатқа, тәрбия арқалы әдеп-икрамлық дүньясына жол алады. Усылар арқалы балаларда туўры, ҳақыйқат, ҳадал көз-қарас пенен руўхый пазыйлетлери, түсиниклери жетилисип барады.

Балалар тәбиятынан туўры сөзли, ҳақгөй ҳәм сада инсан болып жаратылыўы тәбийғый. Олар өзлериниң ҳәм басқалардың не қылғанын, пикирин, сезимлерин, кеширмелерин басқалар сорағанда сыр сақламастан өз тили менен жеткерип береди. Балалардағы бул жағдай олардың қәлбиниң ақ қағаздай тазалығы, усыған муўапық ҳадал,туўры сөзли руўхта тәрбияланыўы олардың келешекте ата-ана, халықтың ҳадал перзенти болып жетилсиўиниң тийкары есапланады. Ҳадаллық бул бир нур, биз сол арқалы жәҳәнди көриўге ерисемиз.

Турмыстағы бақлаўларымыз арқалы биз балалардағы ҳадаллық ҳәм расгөйликтиң бала алты жасына шекем эпизодлы көринисте болатуғынын көремиз. Улыўма илимде баладағы бәрше сыпатлар,пазыйлетлер алты жасқа шекем қәлиплесип, оның оннан кейинги көргени, еситкени, оқығаны оның тек муғдар дәрежесин арттырып барады. «Болар бала бес жасынан белгили» деген даналық пикирде тәлим-тәрбия тәжирийбесиниң исенимли синоними болса керек.

Олар ата-аналар,тәрбияшы ҳәм жәмәәттиң тәсири,талабы яки жәрдеми менен тапсырылған ўазыйпаларды өз бетинше орынлайды ҳәм бул жумыслардың орынланғаны ямаса орынланбағаны ҳаккында айтып береди. Усы тийкарда блаларда әдеплилик, туўры сөзлик, ҳақгөйлик сезимлери ҳәм түсиникери қәлиплесип ол әдет ҳәм қәсийетке айланады.

Данышпанлардың китапларын оқып отырсақ өтирик ҳәм жалған сөздиң зыяны ҳаққында жүдә көп ақыл-нәсиятларын жазып қалдырған. Мәселен:

*Жалған сөзде мәни болмас жалтырар,*
*Өтирикши адам қорқып қалтырар.*
*Ҳәмме ўақыт жолын табар туўрылық,*
*Жалған сөзге сен қаларсаң қуўырылып.*
*Жалған сөз кеселлик, туўры сөз шыпа,*
*Өтирикши ҳеш кимге етпеген опа.*
*Жалған сөзден елге мерез боласаң,*
*Халық исенбес, қатарыңнан қаласаң.*
*Көргиң келсе бәрҳә жақсылық жолын,*
*Үстиңе кийгейсең туўрылық тонын.*

Өтирик сөйлеў әдалатсызлықты, жаўызлықты, еки жүзлиликти туўдырып, адамлар ортасында әдалатлы, тыныш-татыў жасаў бахтынан айырады.

Ҳәр бир адам өмирде жәмәәтшилик пенен жақын мүнәсибетте болады, мәйли, автобус, троллейбустан түсип жумысына яки үйине барама бәри бир жәмәәт пенен бирге болып, адамардың туўыры яки натуўры сөйлеген сөзлеринен ибрат алады.

Жәмәәт жыйналған орынларда жәмийетлик ҳәм жеке мүликке ҳадал мүнәсибетте болыў, дийўалларды сызбаў, автобус, троллейбус остановкаларында турып сызып, сүўрет салмаў, айна, свет лампочкаларын, терек ҳәм гүллердиң шақасын сындырмаў, көшедеги афиша, дағазаларды жыртпаў, витриналарда турған газета-журналларға итибарлы мүнәсибетте болыў ҳәм буларды басқалардан да талап етиў.

Түсип қалған яки умытылған нәрселерди ийесине қайтарыўдың барлық шараларын көриў, көпшилик топланған орынларда жәмийетлик мүликке қырағы болыў, оларды алмаў ҳәм буларға ҳүжданлы мүнәсибетте болыў жас әўладты туўры сөзли, ҳақгөй етип тәрбиялаўдың тийкары болады.

Бала туўры сөзли, ўәдеге опалы, жақсы минез-қулықлы етип тәрбияланыўы ушын ҳәр кимнен өтирик сөйлемеўди, жала ҳәм дөҳметтен аўлақ болыўды талап етеди. Усы арқалы балалар өзлериниң ҳәм басқалардың не ислегенин, пикирин, ой-сезимлерин сыр сақламастан ашық айтып береди. Мине, бул сыпатлар балалардың туўры сөзли ҳәм ҳақыйқатшыл етип тәрбияланыўының фундаменти есапланады.

Педагогикалық-психологиялық бақлаўлар балалардағы туўры сөзли ҳәм ҳақгөй эпизодлы характерде болып, балалар ата-аналар, тәрбияшылар ҳәм балалар коллективиниң тәсири, көрсетпеси, талабы яки жәрдеми тийкарында тапсырылған жумысты орынлайды ҳәмде бул ўазыйпалардың орынланғаны яки орынланбағаны ҳаққында айтып береди. Кейинала тәжирийбелери топланып, тапсырылған ислерди басқалардың араласыўысыз ақ еркин орынлаўға ериседи.Усы тийкарда балаларда өз исине туўры сөзли, ҳақгөй болыў сезимлери, сыпатлары, көнликпе ҳәм әдетлери қәлиплесип барады.

Мектепке шекемги балалардың көпшилиги ҳадаллық, туўры сөзлик жақсы қәсийет екенлигин билип барады ҳәм бундай балаларды жақсы бала деп есаплайды. 5-6 жастағы балалардың пикири анық болғанлығы себепли буйым ҳәм нәрселер бойынша туўры пикир жүрите алады. Олардың пикири сол жас психологиясы өзгешеликлери менен толы болады. Бул әсиресе, олардың бақшада, шаңарақта мийнетке, жеке ойыншақларына болған мүнәсибетлеринде анық көринеди.

Балалардағы ақыл-әдеплилик билимлер басқалар тәжирийбесинде көринген ҳәм өз тәжирийбесинде сыналған унамлы, унамсыз нәтийжелерге тийкарланады. Үлкенлердиң айтқанларына сүйенеди. Бунда балалар көбире дослары, ата-ана, тәрбияшы, жәмәәт ҳәм жәмийетлик мәп көз-қарасынан пикир жүритеди, жақсы ис-ҳәрекетлерди таңлап алыўға таяр екенлигин билдиреди. Айрым ўақытлары нәрсе ҳәм ўақыяларға өз пикирлерин баян етип, өзлерине жақын адамлар мәпин ойлайды ҳәм соған туўры ис ислейди.

Балалар муғаллим, тәрбияшылар ҳәм ата-аналар менен өткизилген сәўбетлесиўлер, бақлаўлар нәтийжесинде топланған мағлыўматлар оқыўшылардың басқаларға ҳәм өз оқыўына болған мүнәсибетлери олардың туўыры баҳалай билиўинен дәрек береди. Олар оқыў ислерин ҳәм брилген тапсырмаларды өз бетинше ислемей, жолдасларынан көширип алыўшыларға жол қоймаслыққа ҳәрекет етеди. Балалардың кеўил сезиминде жолдасларына жәрдем бериў ҳәм билмегенлерин, түсинбегенлерин тек муғаллимнен ғана сорап алыў керек деген туўры түсиник болады.

Баслаўыш класс оқыўшыларында мийнет етиўге қызығыў жүдә күшли болады. Сонлықтан олар мектептеги ҳәр түрли жумысларға шын ықлас пенен қатнасыўға таяр турады. Муғаллим ҳәм тәрбияшы тәрепинен тапсырылған физикалық мийнет тапсырмаларын шын кеўилден орынлаў керек деп түсинди. Оқыўшылар мийнеттен қашатуғын, тапсырылған исти шын жүректен орынламайтуғын балаларды «жаман бала» деп атайды. Балалар басқалардың мийнетке болған қатнасын туўры баҳалайды.

Блалар үй жумысларына шын қәлби менен кириседи, суў тасыйды, үй алдыларын тазалайды, үкелерине қарайды, базардан керекли затларды

алып келиўде ата-аналарының қасында жүрип жәрдемлеседи. Олар өзине тән психологиялық айырмашылығы менен ҳәтте күши келмейтуғын нәрселер болсада қол урып ислеўге умтылады, өзлерин қандай жағдайда да ата-аналарының жәрдемшиси сыпатында есаплайды. Олар буны дәлийллеў ушын өз муғаллимлерине үйде апама я ағама жәрдем бердим, үкемлерге қарадым деп толып-тасып айтады. Балаларда ҳәр нәрсени билип алыўға болған қызығыў, мийнет етиўге болған ҳәўес, умтылыў күшли болады. Бала мийнетиниң баҳаланбаўы яки ислеген мийнетиниң басқаларға пайдасын көрмеўи олардың мийнетке болған ықласын кемейтирип, руўхый жақтан қанықтырмайды ҳәм тез жүз бурады. Оқыўшылар мийнетине азболсада ойын характеринде түс бериў олардың мийнеттен безикпеўине себепши болады. Ҳәр бир нәрсеге қарым-қатнасы оларда бул мектептики, мәмлекеттики, халықтың мүлки деген түсиник сезимлер үстин болады.

Балалар мектепке қабыл етилиўи менен олар өзлерине үлкен ғамхорлықты сезе баслайды ҳәм бул қатнас олардың мектеп мүлкине деген унамлы қатнасын күшейтип, өзлерин хожейини сыпатында қарайды. Мектепте өз қатарлары менен бир шаңарақтың балаларындай сезиниўи, олрдың өзара қарым-қатнасын жәнеде раўажландырып, беккемлейди. Дослық, жолдаслық сезимлери қәлиплесип баслайды. Мектеп мүлкине зыян тийгизбеў, рухсатсыз қол урмаслық, парта, стол, досканы таза сақлаў керек деген туўры түсиник күшейип барады. Жәмәәтлик мүликке ҳадал мүнәсибетте болыў, оны бүлдиретуғын яки өзине алыўға ҳәрекет ететуғын ҳәр қандай адамды айыплы есаплайды.

**Әдебиятлар:**

1. Қосназаров К., Пазылов А., Тилегенов А. Педагогика. Сабақлық. Нөкис.2009. 255 б.
2. Григорович Л.А., Марцинковская Т.Д. Педагогика и психология. Учеб.пособие. Москва.2006.-480 с.
3. Абдимуратов П.С. Тәрбия сабақлары. Нөкис-2021.120 б.
4. Юсупова П.Мактабгача тарбия педагогикаси. Т.1993.264 б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада ёш авлодда инсоний фазилатларни таркиб топтиришнинг тарбиявий механизмлари илмий-педагогик томондан тадқиқ қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье с научно-педагогической точки зрения рассматриваются воспитательные механизмы формирования человеческих качеств у молодого поколения.

**SUMMARY**

The article deals the edikatijnal mtchanisms of the formation jf human qualities in the younger generation from a scittific and pedagogical point.